

PWOTEKSYON, JISTIS, POUVWA: FANM AYISYÈN K AP MENNEN BATAY KONT VBG

Rantre VITYÈLMAN pou yon konvèsasyon pwisan ak aktyèl ant kèk nan pi gran òganizatè baz ak defansè pou sivivan vyolans seksyèl ann Ayiti ki baze Pòtoprens, Ayiti. Panelis yo pral pataje eksperyans yo epi diskite bezwen sivivan yo; baryè pou sekirite, jistis, ak swen esansyèl; ak estrateji pou chanjman vèritab sou teren an. Patisipan vityèl kou prezansyèl yo ap gen opòtinite pou angaje dirèkteman nan yon sesyon kesyon-repons ki modere.

*Evènman an ap fèt an Kreyòl
avek entèpretasyon an Angle*

*Patisipasyon an pèsòn posib pou moun
ki nan Pòtoprens, Ayiti*



19 MAS 2026

10h 30 – 12h



VITYÈL

PÒTOPRENS, AYITI

#3 2ème impasse Lavaud Lalue



**ENSKRI
&
PATISIPE**

PANELIS



ABIGAIL DEROLIAN

RESPONSAB SEKSYON
VYOLANS BAZE SOU SÈKS
NAN NÈGÈS MAWON



**MARIE KATTIA
DORESTANT LEFRUI**

AVOKA AK KO-DIREKTRIS
BIWO AVOKA
ENTÈNASYONAL YO



**ROSY AUGUSTE
DUCÉNA**

DIREKTRIS PWOGRAM
POU REZO NASYONAL
DEFANS DWA MOUN YO



NANCY VILCÉ
PREDANT AFADETH, AK
ANSYÈN ELIL

MODERATRIS



**RUTH MAGDALA
MARCELIN**

KOWÒDONATRIS
PWOGRAM POU
KOLEKTIF FANM AYISYÈN



HWC
Haitian Women's Collective



Panelis Abigail Derolian se yon aktivis feminis ak defansè dwa moun, ki sèvi kounye a kòm Responsab Seksyon Vyolans Baze sou Sèks (VBG) nan òganizasyon feminis ayisyèn NÈGÈS MAWON, ki ap sipòte sivivan yo, angaje nan pledwaye politik, ak avanse transfòmasyon sosyal depi 2015. Mèt Derolian gen yon lisans nan dwa anndan Inivèsite Fondasyon doktè Aristid (UNIFA) epi li se yon avoka nan Bawo Mibalè a. Li te travay dirèkteman avèk sivivan VBG pandan anviwon sèt ane, bay sipò konplè ak asistans legal pou ede jwenn jistis ak reparasyon, espesyalman pou viktim abi seksyèl ak domestik.

Panelis Marie Kattia Dorestant Lefruy se yon avoka aktivis ayisyèn kap defann dwa moun epi travay pou avanse dwa fanm ann Ayiti atravè pledwaye legal. Lap travay kòm avoka depi 2018 nan biwo Avoka Entènasyonal yo (BAI). Kounye- a li se ko-direktris BAI Nan wòl sa yo, Mèt Dorestant reprezante sivivan VBG, li bay akonpayeman legal pou fanm ak tifi ki majinalize nan sistèm jistis Ayiti a ; li fòme estrateji legal BAI a ; epi li kontribiye nan avanse misyon li nan pwomosyon jistis sosyal, responsablite, ak dwa moun ann Ayiti.

Panelis Rosy Auguste Ducéna se yon avoka dwa moun ayisyèn, manm Bawo Pòtoprens, avèk plis pase de deseni eksperyans nan defann dwa moun e nan pledwaye sou responsablite Leta ak respè prensip dwa an Ayiti. Kòm Direktris Pwogram nan Rezo Nasyonal k ap Defann Dwa Moun (RNDDH), Mèt Ducéna analize kesyon ki gen rapò ak dwa moun, kriz imanite, ak pwosesis elektoral; li sivèye enstitisyon leta, dokimante vyolasyon dwa moun, kowòdone fòmasyon sou dwa moun, epi sipòte viktim yo atravè litij estratejik ak pledwaye. Depi 2018, Mèt Ducéna ap mennen ankèt sou masak ak atak ame ki enplike vyòl ak vyolans seksyèl kont fanm ak tifi an Ayiti epi plede pou rekonesans yo kòm krim Deta ak krim kont limanite devan òganis entènasyonal. Li se manm Konsèy konsiltatif òganizasyon feminis NÈGÈS MAWON epi li te sèvi kòm prezidant platfòm Ansanm Kont Koripsyon (ECC) an 2024-2025.

Panelis Nancy Vilcé se yon lidè nan komin Pétion-Ville ak yon òganizatis kominotè ki travay pou plis pase 15 ane nan zòn defavorize pou amelyore kondisyon pou fanmi ki pi vilnerab yo. Li se yon aktivis politik angaje, dinamik, ak popilè, respekte pou batay li pou rekonesans dwa fanm, jistis sosyal, ak solidarite ekonomik. Li se Prezidan Asosyasyon Fanm Detèmine Thomassin (AFADETH), ki rasanble prèske 3,000 fanm ki soti nan peyizan nan komin Pétion-Ville; epi li se manm Asosyasyon Lidè Enpòtan Thomassin nan. Mme Vilcé te eli kòm manm CASEC pou 1yè seksyon komikal Montagne Noire soti 2005 rive 2015, epi li te sèvi kòm manadjè kanpay pou Depite Jerry Tardieu epi answit kòm chèf biwo Pétion-Ville li pandan manda li nan Chanm Depite Ayiti a. Li se kounye a Kowòdonatris Adjwen pou pati politik Mouvmman EN AVANT, epi li espere kandida pou majistra Pétion-Ville nan pwochèn eleksyon minisipal yo.

Moderatris Ruth Magdala Marcelin se yon feminis épi aktivis ayisyèn ki angaje ak toun nanm li nan pwomosyon ak defans dwa moun, espesyalman sa ki konsène fanm ak tifi. Li travay sere ak Òganizasyon feminis nan kèk depatman nan peyi a sou kesyon vyolans ki baze sou sèks (VBG), jistis ki baze sou sèks, dwa fanm, pa twò lontan, apwòch filantropi feminis ki vize ranfòse mouvmman lokal yo. Li se Kowòdonatris Pwogram nan Kolektif Fanm Ayisyèn (HWC), kote li sipòte aplikasyon inisyatif ranfòsman kapasite, pledwaye ak mobilizasyon kominotè, epi li se manb Gwoup Konsèy Teknik Eksplwatasyon Seksyèl ak Abi epi Agresyon Seksyèl (PSEAH), kote li kontribiye nan efò pou prevni Eksplwatasyon, abi ak agresyon seksyèl nan espas imanite ak devlopman.